



CHANJMAN RESAN NAN VIZYON IMIGRASYON FEDERAL: YON DENYE NOUVEL SEVIS MIGRASYON KATOLIK

17 fevriye 2017, Depatman Sekirite Peyi-a (DHS) mete deyo de memo ki detaye chanjman enpotan nan vizyon sou enteryè ak pwoteksyon frontyè koulye-a. Gen anpil bagay ki poko klè e n-ap tann lot chanjman, men nou te vle endike priyorite k-ap swiv e sa ou ka fè pou prepare tèt ou.

Priyorite Prezidan-an pou Mete Deyo Imigran Ki Andedan Etazini

Nan memo yo, DHS mete nan lis kategori imigran sa yo ki nan peyi-a, gen ladan yo ki gen rezidans legal koulye-a, kom priyorite pou mete deyo:

- Moun tribunal kondane pou nenpot krim;
- Moun yo akize;
- Moun ki komet zak yo ta ka akize yo pou sa;
- Moun ofisye imigrasyon kwè yo ka poze danje pou sekirite piblik ou nasyonal;
- Moun ki resevwa lod final depotasyon;
- Moun ki fè frod ou bay manti nan aplikasyon yo fè devan gouvènman ou abize benefis piblik (sa ka enkli moun ki te sèvi ak move nimewo Sekirite Sosyal);
- Sila yo ki pa gen papye.

Li pa klè pou nou kilès ki tonbe nan kategori sa yo e n-ap tan pou-n resevwa plis enfomasyon nan mwa k-ap vini yo. Pandan lis priyorite sa voye yon gwo kout prive, tanpri sonje enfrastrikti koulye-a ka anpeche administrasyon pou ogmante anpil kantite moun yo ka arete ou depote. Anplis de sa, pi plis moun gen dwa toujou pou yon Jij Imigrasyon tande ka yo.

Nou fè tou sa nou kapab pou kenbe moun enfome sou chanjman yo e nou fè klas pou moun konn dwa yo (Know Your Rights Training Session) nan dives legliz ak sant kominotè nan Brooklyn ak Queens. Klas say o ouvè pou tout moun:

Know Your Rights Training Session

Madi 18 Avril a 6:30 aswè
Scalabrini Center for Migrant Families
St Joseph Patron Church
1080 Willoughby Avenue, Brooklyn, NY 11221

Sitwayente

Nou bay asistans legal pou rezidan ki vle vin sitwayen Meriken kèkswa mod rezidans.

Pou anrejistre pou pwochen atelye nou ou nenpot lot sèvis natiralizasyon, tanpri rele (718) 236-3000.

Samdi, 20 Me a 9:00 a.m.
Catholic Migration Services
191 Joralemon Street
Brooklyn, NY 11201

Sèvis Adisyonel

Pou Imigran:

- Reyinikasyon Fanmi
- Azil ak Solisyon Imanité
- Defans nan Depotasyon

Pou Travayè

- Volè Salè
- Kondisyon Travay, Sekirite
- Aksidan
- Diskriminasyon ak Pwoblèm nan Travay

Línea Laboral
Immigrant Workers' Rights
Program

(877) 52-LABOR (52267)

Pou Lokatè:

- Reparasyon
- Desann lwaye paske pa gen reparasyon
- Pwoblèm & Fini kontra
- Defans nan Mete Deyo
- Monte Lwaye Twop
- SCRIE DRIE

@cmsbq

Si w gen nenpot kesyon ou pwoblèm, tanpri rele biwo nou nan (718) 236-3000 soti 9:00 maten jous 5:00 apre midi, de Lendi a Vandredi. Pou pale ak Avoka Imigrasyon on Call, rele ekstansyon 203 ant 12:00 ak 3:00 apre midi. Tout moun ankouraje vizite website nou pou nouvo enfomasyon, klas ak atelye nan www.catholicmigration.org.

As of 03.30.2017